

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data, hasil panalungtikan prinsip jeung maksim paguneman dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, diébréhkeun ieu di handap:

Kahiji, tina tujuh carita nu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, kapanggihna téks omongan nu sipatna timbal balik antara Si Kabayan jeung palaku séjénna, aya 602 paguneman. Éta jumlah paguneman téh, nyaéta: (1) *Ngajual Cau*, 44 omongan; (2) *Tumpak Oplét*, 207 omongan; (3) *Nyaba*, 137 omongan; (4) *Tapa*, 42 omongan; (5) *Impala Kenyed*, 53 omongan; (6) *Parasit*, 60 omongan; jeung (7) *Lalajo Maén Bal*, 59 omongan.

Kadua, adegan paguneman nyaéta hubungan antara panyatur (A) jeung sababaraha pamiarsa (B/C/D), anu diwangun ku dua omongan atawa leuwih ti dua omongan. Téks paguneman anu ngaguluyur dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, aya dina 10 pola paguneman, nyaéta: (1) pola kahiji, kapanggih 10 téksadegan paguneman; (2) pola kadua, kapanggih 7 téksadegan paguneman; (3) pola katilu, kapanggih 1 téksadegan paguneman; (4) pola kaopat, kapanggih 19 téksadegan paguneman; (5) pola kalima, kapanggih 7 téksadegan paguneman; (6) pola kagenep, kapanggih 1 téksadegan paguneman; (7) pola katujuh, kapanggih 5 téksadegan paguneman; (8) pola kadalapan, kapanggih 2 téksadegan paguneman; (9) pola kasalapan, kapanggih 2 téksadegan paguneman;

jeung (10) pola kasapuluh, kapanggih 1 téksadegan paguneman. Tina 10 pola éta, kapanggihna adegan paguneman nu lumangsung dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, aya 55 adegan paguneman.

Katilu, prinsip jeung maksim paguneman mangrupa salasihiji wengkuan tina wangun adegan paguneman. Prinsip dina paguneman aya dua, nyaéta prinsip gawé jeung prinsip kasopanan. Prinsip gawé barengdina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana kapanggih dina opat maksim, nyaéta: 1) maksim kuantitasaya 240 (0,40%) omongan; 2) maksim kualitas aya 98 (0,16%) omongan, 3) maksim kasaluyuan aya 338 (0,56%) omongan, jeung 4) maksim cara aya 41 (0,068%) omongan. Kitu deui dina prinsip kasopanan kapanggih aya dina genep maksim nyaéta: 1) maksim kawijaksanaan aya 27 (0,044%) omongan; 2) maksim katumarima aya 18 (0,031%) omongan; 3) maksim pangcocog aya 17 (0,028%) omongan; 4) maksim handap asor aya 2 (0,003%) omongan; 5) maksim balabah aya 42 (0,070%) omongan; jeung 6) maksim kasimpatian aya 15 (0,025%) omongan.

Kaopat, tina papasingan prinsip jeung maksim paguneman, kapanggih babandingan antara prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan. Tétéla dina téks paguneman kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, prinsip gawé bareng leuwih loba dilaksanakeun ti batan prinsip kasopanan. Ari sababna kitu, lantaran lumangsungna hubungan timbal balik dina paguneman, boh dina wangun lisan ataa tulisan dibutuhkeun gawé bareng antara panyatur jeung pamiarsa, sangkan komunikasi antara panyatur jeung pamiarsa bisa lumangsung kalawan lancar. Béda deui jeung prinsip kasopanan, prinsip kasopanan mah dina

paguneman dilaksanakeunpikeun silih ajénan, silih hormat, jeung méré kauntungan ka jalma nu lian. Lumangsungna sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi, jadi hiji kahadéan pikeun silih hormat jeung silih ajénan ka jalma nu lian.Éta hal jadi tujuan nu utama pikeun ngalaksanakeun prinsip kasopanan dina paguneman.

Kalima,maksud omongan mangrupa eusi amanat atawa pesen nu aya dina omongan. Dumasar kana papasingan prinsip paguneman, maksud omongan anu kapanggih dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana,aya dina opat rupa kalimah, nyaéta kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif. Maksud kalimah/omongan dina prinsip gawé bareng, di antarana: 1) komisif aya 220 (0,36%) kalimah/omongan; 2) impositif aya 34 (0,056%) kalimah/omongan; 3) éksprésif aya 239 (0,40%) kalimah/omongan; jeung 4) asértif aya 12 (0,020%) kalimah/omongan. Ari maksud kalimah/omongan dina prinsip kasopanan, nyaéta: 1) komisif aya 36 (0,060%) kalimah/omongan; 2) impositif aya 13 (0,021%) kalimah/omongan; jeung 3) éksprésif aya 53 (0,088%) kalimah/omongan.

Dumasar kana hasil data di luhur, wangun téks adegan paguneman, prinsip jeung maksim paguneman, sarta maksud unggal omongan tina téks pagunemanana kapanggih dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana.

5.2 Rékomendasi

Panalungtikan ngeunaan kabasaan, utamana pragmatik, loba kénéh nu can ditalungtik. Ieu panalungtikan téh ngan kakara bisa medar prinsip jeung maksim

paguneman dina kumpulan carpon. Ku kituna, dipiharep aya nu bisa nalungtik prinsip jeung maksim paguneman nu lumangsung dina kahirupan sapopoé.

Atuh lian ti éta, ku lantaran ieu hasil panalungtikan téhcan dijadikeun bahan pangajaran. Dipiharep, aya anu nuluykeun ieu panalungtikan sangkan diterapkeun kana bahan pangajaran.

